

Règleman Inifòm Roxbury Prep

Lekòl la ranfòse yon Kòd abiman pou kreye yon sans kominotè epi pou asire elèv yo konsantre sou aprantisaj olye sou rad yo.

Rad ak akseswa ki ka kreye dezòd oswa ki pa konfòme yo avèk estanda sante, sekirite, ak pwòpte yo pa otorize. Vyolasyon kòd abiman an ka lakòz konsekans disiplinè dapre Kòd Konduit la.

Rad ke elèv yo mete nan lekòl Roxbury Preparatory Charter ta dwe mete aksan sou lefèt ke lekòl la alafwa yon kominote ak yon kote pou travay. Elèv yo ta dwe abiye nan yon fason ki ekspriye ke yo fè pati kominote a epi ki adapte ak estanda yon espas travay. Vètman yo ta dwe pwòp ak ranje epi yo ta dwe toujou konfòme yo avèk inifòm Roxbury Prep la.

Egzijans inifòm RPDC

- Roxbury Prep bay 'navy polo' (manch kout oswa long)
- Pantalon kaki oswa 'navy'
- Tenis Nwa oswa soulye nwa oswa mawon.
- Sentiwon ki yon sèl koulè.
- **Si ou vle:** Roxbury Prep bay ' navy cardigan' oswa 'pullover sweater'.

Gid pou rad pandan sezon ivè

- Yo ka mete bòt nèj pou vin lekòl la, men yo **pa** dwe mete yo pandan jounen lekòl la. Elèv yo dwe mete yon soulye nan oswa tenis nan plas yo lè yo rive nan konsèy yo.
- Elèv yo dwe retire tout 'sweatshirts', jakèt, 'sweaters' lè yo ap antre nan bilding lan.
- Elèv yo ka mete yon chemiz manch long maren (navy) ki gen yon sèl koulè, yon souvètman blan oswa nwa anba polo Roxbury Prep la.

Gid pou tanperati ki pi cho

- Roxbury Prep bay 'navy polo' (manch kout oswa long)
- Pantalon kaki oswa 'navy' /yon jip kaki oswa 'navy' ki bay sou jenou oswa sou cheviy.
Bout pantalon yo pa otorize.

Tout atik inifòm yo disponib pou achte nan L&M Bargain Store ak sou entènèt nan men French Toast.

Nan magazen:

L&M Bargain Store
640 American Legion Highway
Roslindale, MA 02131
617-979-0012

Sou Entènèt:

French Toast: <https://bit.ly/34Qn1y1>

Mèsi pou èd ou nan asire ke elèv ou a gen bon inifòm konplè chak jou lekòl la! Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele biwo prensipal nou an nan 617-858-2300 oswa ekri nou nan imèl sa mo@roxburyprep.org.

Atant Inifòm yo

- Roxbury Prep fè polo 'navy' (manch kout oswa long) .
- Pantalon kaki oswa 'Navy' / jip (ki rive sou jenou oswa cheviy)
- Nenpòt koulè sentiron
- Tenis nwa oswa soulye nwa / mawon
- *Si ou vle:* Roxbury Prep fè 'navy sweater' (cardigan oswa pullover)

